

## DEKLARASYON FINAL FOWÒM SOU AGWO EKOLOJI AK SOUVERÈNTE ALIMANTÈ

*Pòtoprens, Samdi 16 Oktòb 2021*

Nou menm òganizasyon tankou: ICKL, KJM, MPP, MPNKP, PAPDA, SOFA, Tèt Kole Ti Peyizan Ayisyen (TK) ak divès lòt òganizasyon ki soti nan kat kwen peyi d Ayiti ak plizyè dizèn lòt ki te patisipe sou platfòm entelijan tankou ZOOM an Ayiti, an Ewòp, Amerik Latin, Karayib, Etazini, Afrik, ki te reyini 14, 15 ak 16 Oktòb nan lokazyon *Jounen entènasyonal fanm riral (15 Oktòb)* ak *jounen mondyal alimantasyon*, nou salye kouraj ak detèminasyon peyizan (fanm kou gason) ki pa sispann travay pou kenbe dwa grandèt peyi a nan zafè lamanjay. Nou pwofite Fowòm sou agwo ekoloji ak souverènte alimantè sa pou **denonse oryantasyon òganizasyon Nasyonzini (ONU) sou sistèm alimantè mondyal la nan kad Somè ki te reyalize nan Nouyòk nan dat 23 septanm 2021 anba kontwòl gwo antrepriz kapitalis agwobiznis ki responsab sitiyasyon grangou ak lamizè ki blayi tout kote sou planèt la.**

**Nou denonse** politik piblik nan zafè agrikilti ak lamanjay ak politik ekonomik ki chita sou ekstraktivis, dappiyanp sou tè peyizan ak estrateji vyolans, laperèz Leta ayisyen ap aplike nan peyi a depi kèk tan, e ki patisipe nan kraze kapasite pwodiksyon peyi a, kraze agrikilti peyizan familyal agwo ekolojik, detwi anviwonman an, mete peyi a sou depandans pwodui alimantè ki soti nan lòt peyi, kreye grangou, chomaj ak ankouraje migrasyon ekstèn nan enterè miltinasyonal yo, gwo kapitalis ak yon ti gwoup pwofitè nan peyi a.

**Nou denonse ak voye jete byen lwen tout vye Dekrè malatchonn pouvwa PHTK pran pou fè dappiyanp sou tè peyizan yo** pou bay mafya nasyonal ak entènasyonal pou devlope agwobiznis, eksplwatasyon min metalik yo, zòn franch endistriyèl ak zòn franch touristik pou kontinye pwosesis eksplwatasyon ak majinalizasyon peyizan yo nan Prevwayans, Savann Dyann, Plenn Maribawo, Tèrye Wouj, nan Nòdwès, nan Plato Santral, nan Latibonit, nan Ilavach, nan Kot Akaden an, elatriye.

Nou kwè fenomèn gang kap vale teren nan peyi a jounen jodi a se yon estrateji politik, yon zouti ki nan men boujwa yo, miltinasyonal ak Leta ayisyen pou anpeche rezistans fèt kont politik ekonomik yo ap aplike nan peyi a, epi anpeche mas popilè yo kontinye patisipe nan zafè peyi a. Se pou sa, nou menm òganizasyon ki siyen deklarasyon an, **nou angaje nou pou :**

- 1) Makonnen fòs nou, kanpe yon gwo mouvman sosyal ak popilè djanm ki gen jèvrin ak defini estrateji batay pou defann agrikilti peyizan familyal agwo ekolojik la, epi konstwi dwa granmoun nou nan zafè lamanjay;

- 2) Kanpe min pou defann tè peyizan yo, dlo, agrikilti peyizan familyal agwo ekolojik la, anviwonman peyi a kont eksplwatasyon min metalik yo, zòn franch endistriyèl, touristik ak agwo endistriyèl;
- 3) Kanpe min pou akonpaye epi goumen ansanm ak tout peyizan, tout kominote kap batay kont dappiyanp kap fèt sou tè agrikòl yo, epi tout menas sou dwa granmoun peyi a nan zafè lamanjay. Nap kanpe ankwa kont pwojè lanmò sila yo.
- 4) Mennen yon gwo kanpay nasyonal fòmasyon, sansibilizasyon ak konsyantizasyon sou modèl agrikilti peyizan familyal agwo ekolojik la ak konsomasyon pwodui lokal la nan tout dimansyon: manje, rad, konstriksyon lojman, divètisman, mizik, dans ak tout lòt eleman lakilti pèp ayisyen;
- 5) Travay pou tabli estrateji pwodiksyon, transfòmasyon ak komèsyalizasyon pwodui agrikòl yo nan milye riral la nan yon lojik ekonomi sosyal ak solidè epi travay pou reprann kontwòl rezo transpò ak distribisyon yo.
- 6) Defann semans lokal ak envestisman ki ka reponn ak pwoblèm peyizan yo (fanm tankou gason) nan zafè agrikilti peyizan familyal agwo ekolojik la;
- 7) Valorize tout kontribisyon istorik ak aktyèl ekonomi familyal peyizan an epi defann revandikasyon klas eksplwate yo nan batay pou emansipasyon klas popilè yo;
- 8) Difize epi fè refleksyon sou gwo zouti batay sa a ki se « *Deklarasyon sou dwa peyizan yo ak tout lòt moun k ap travay nan zòn riral yo* » Nasyonzini adopte nan finisman lane 2018 apre plizyè dizèn lane batay mouvman peyizan yo tankou Via Campesina mennen.
- 9) Konstwi yon fwon politik lagoch pou batay pou chavire, dechouke modèl Leta sa ak konstwi yon Leta ayisyen granmoun ki ka reyalize yon refòm agrè entegral ak popilè pou nou rive konstwi dwa grandèt majè peyi a nan zafè lamanjay;
- 10) Mennen batay pou yon politik amenajman teritwa ki mete priyorite sou ransfòsman modèl agwo ekoloji a
- 11) Mete kanpe zouti òganizasyonèl, estriktirèl ak fè alyans ki nesèsè pou veye e kwape tout desizyon kap pran kont popilasyon an an Ayiti ak lòt bò dlo.
- 12) Konstwi alyans lajman laj, makonnen fòs nou ak liy batay ak oryantasyon CLOC<sup>1</sup> ak Via Campesina, mouvman sosyal ALBA<sup>2</sup>, Jibile Sid Amerik (JSA), Asanble Pèp Karayib (APK) ak tout lòt rezo entènasyonal kap batay kont sistèm kapitalis la;

---

<sup>1</sup> Kòdinasyon Òganizasyon Peyizan nan Amerik Latin lan

<sup>2</sup> Altènativ Bolivaryèn pou Amerik yo

- 13) Pran angajman pou goumen san pran souf pou rive tabli politik piblik pou refè anviwonman peyi a ki devaste apre plis pase 529 lane piyaj kolonyal ak neyokolonyal;
- 14) Batay kont politik baryè lib ak tout lòt eleman nan politik neyoliberal FMI ak lòt enstitisyon enperyalis yo kontwole ap enpoze nan peyi a. Bloke tout pwojè ki nan oryantasyon sa yo;
- 15) Defann espas jaden agwo ekolojik feminis SOFA ap konstwi nan Savann Dyann pandan nap batay pou anile Arete malatchonn kote Gouvènman defakto ansyen prezidan Jovnel Moyiz bay yon swadizan antreprenè 8600 ekta tè pou fè zòn franch pou ekspòtasyon;
- 16) Nou mete priyorite sou kesyon edikasyon kote nou dwe devolpe yon lòt sistèm edikasyon ki makonnen ak listwa peyi a, kilti peyi a ak idantite nou;
- 17) Patisipe nan batay pou transfòmasyon peyi a pou nou konstwi yon lòt sistèm ki bay lavi plis enpòtans pase pwofi kapitalis yo.
- 18) Mete kanpe tout kote nan peyi a estrikti lokal kap batay pou defann agrikilti peyizan familyal agwo ekolojik la, epi reyalize deba, fowòm ak seyans fòmasyon pou ranfòse kapasite kominote yo nan batay kont pwojè agwobiznis, eksplwatasyon min ak zòn franch endistriyèl yo, elatriye.

***Aba manje pèpè !***

***Aba depandans alimantè !***

***Aba politik neyoliberal kap simen grangou, mizè ak dezespwa !***

***Aba tout dappiyanp kap fèt sou tè yo anfavè 2, 3 grandon ak antrepriz transnasyonal yo!***

***Aba tout eksplwatasyon Min metalik yo !***

***Viv agrikilti peyizan familyal agwo ekolojik !***

***Viv batay fanm nan milye rural la kap kenbe ekonomi peyizan an!***

***Viv mobilizasyon peyizan, mobilizasyon popilè pou yon refòm agrè popilè entegral !***

***Viv dwa granmoun peyi a nan zafè lamanjay!***

***Viv kontribisyon mouvman peyizan yo nan liberasyon peyi Dayiti nan***

***wout pou konstriksyon dezyèm endepandans la !***

***Pou referans:***

**Camille CHALMERS**

**Sharma AURELIEN**

**Chavannes JEAN-BAPTISTE**

**PAPDA**

**SOFA**

**MPP / MPNKP**

## Òganizasyon ki siyen Deklarasyon an

Òganizasyon	Reprezantan
<b>Depatman Nò</b>	
AFLIDEPA-J	Nirva PIERRE
MOPP	Wadson DESIR
MPNKP	Christophe TALÉUS
Tèt Kole Ti Peyizan Ayisyen	Benjamin PIERRE
<b>Nòdès</b>	
KPSKBM	Antoinéus Guillaume JOSAPHAT
MPNKP	Alta PROPHETE
UCOPCANE	Jarcaunave SAINT-FLEUR
<b>Nòdwès</b>	
KJM	Ribins MAURICETTE
KOPBB - TK	Nènel DAVID
MPNKP	Pradel DOSSOUS
Tèt Kole Ti Peyizan Ayisyen	Maumiste DIROGENE
<b>Latibonit</b>	
LAKAY	Jean Noë DESTRA
MORELIM	Donald NOELSAINT
MPNKP	Viljean LOUIS
MPP	Cassandra SAINT-ANGE
ODISMA	Pierre Wilton DESTINÉ
SOFA	Mergina FLEURIMAT
Tèt Kole Ti Peyizan Ayisyen	Romain METAYER
<b>Sant</b>	
MPP	Chavannes JEAN-BAPTISTE
<b>Sid</b>	
MP3K	Sophonie RENÉ
OLAJEKA	Vilio ESPERANCE
<b>Sidès</b>	
RACIDEB	Jean Charles Jean EVRARD
<b>Grandans</b>	
KPGA	Frantzlet INNOCENT
Tèt Kole Ti Peyizan Ayisyen	Louis D. LIGÈNE
<b>Nip</b>	
KPN	Francoeur PIERRE
MPNKP	Daniel SANON
Tèt Kole Ti Peyizan Ayisyen	Claidnord BLANC

<b>Lwès</b>	
Antèn Ouvriye	Robenson LUBIN
Batay Ouvriye	Didier DOMINIQUE
Brigad Desalin	Ricardo CABANO
CERREMEN	Mackenda DELIASSE
COEH	Colette LESPINASSE
CRAD	William THELUSMOND
CRICASTRO	Wismanie PERRIN
Dantò	Christella CASIMIR
Fondasyon Bain	Marie-Florence FRANCOIS
GAFE	David TILUS
GARR	Stenley Orbrath DORISCAR
Gwoupman Kole Zepòl / MPP	Woodly DORLEANS
ICKL	Marc-Arthur FILS-AIME
KATAN	
KAYLA	Islande SEAC
KJM	Peterson DEROLUS
KONBIT	Guy NUMA
MAB	Lovely NORVILUS
MPNKP	Jose Fabiola LOSANA
MPP	Kettly ALEXANDRE
PAPDA	Camille CHALMERS
Plandevi	Frantz GRANDOIT
SAKS	Osny AGENOR
Sant Pon	Ifodotte VALCOURT
Sèk Goman	Nobert BEDOUBY
Sèk Gramsci	Kervens CHERY
SOFA	Sharma AURELIEN
Tèt Kole Ti Peyizan Ayisyen	Origène LOUIS
UNNOH	Josué MERILIE